

2025

Avi Anyèl sou Chanjman yo



CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)
H1019-146

Rejyon Santral ak Nò Florida

Kèk konte nan Florida

Sa a se yon Plan ki Ekstrèmman Entegre ak Doub Elijibilite (Highly Integrated Dual Eligible, HIDE) pou Bezwen Espesyal.

CarePlus
HEALTH PLANS®



Mèsi poutèt ou se yon manm CarePlus.

Nou apresye konfyans ou mete nan nou pou bezwen swen sante w yo. CarePlus angaje l pou li ofri avantaj ak sèvis ke manm nou yo twouve ki pi itil pou ede yo ekonomize lajan epi pèmèt yo jwi pi bon sante posib.

Ti liv sa se yon konparezon ant avantaj 2024 ou yo avèk avantaj 2025 ou yo. Si ou ta renmen kenbe plan aktyèl ou a, ou pa bezwen fè anyen.

Enfòmasyon ou bezwen an, yon sèl klik ap ba w li

Apati 15 oktòb 2024, ou ka jwenn dokiman 2025 sa yo anliy nan [CarePlusHealthPlans.com/Plans](https://www.CarePlusHealthPlans.com/Plans):

- **Prèw sou Kouvèti**
Detay konplè sou plan CarePlus ou a, ki enkli avantaj ak pri yo
- **Gid pou Medikaman sou Preskripsyon (Lis Medikaman)**
Lis medikaman ki kouvri nan plan w lan
- **Anyè Pwofesyonèl Swen Sante yo**
Lis doktè, famasi ak lòt pwofesyonèl swen sante ki nan rezo w la

Si w prefere yo voye yon kopi enprime dokiman sa yo pou ou pa lapòs, ranpli fòmilè demann anliy nou an ki sou sit: [CarePlusHealthPlans.com/PrintRequest](https://www.CarePlusHealthPlans.com/PrintRequest). Epitou ou ka rele **1-800-794-5907 (TTY: 711)**. Soti 1ye oktòb rive 31 mas, nou louvri 7 jou pa semèn, 8 a.m. jiska 8 p.m. Soti 1ye avril rive 30 septanm, nou louvri Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiske 8 p.m. Ou ka toujou kite yon mesaj vokal apre orè ouvèti yo, jou samdi, jou dimanch ak jou ferye yo e n ap retounen apèl ou a nan espas yon jounen travay.

Se CarePlus Health Plans, Inc. ki ofri CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).

Avi Anyèl sou Chanjman pou 2025

Aktyèlman ou enskri kòm yon manm CareNeeds Platinum (HMO D-SNP). Ane pwochèn, ap gen chanjman nan pri ak avantaj ki genyen nan plan an. **Tanpri gade paj 6 pou yon Rezime sou Pri Enpòtan yo, ki enkli Prim yo.**

Dokiman sa a pale sou chanjman ki fèt nan plan w lan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pri yo, avantaj yo, oswa règ yo tanpri al gade *Prèv sou Kouvèti a*, ki disponib sou sitwèb nou an nan [CarePlusHealthPlans.com/Plans](https://www.CarePlusHealthPlans.com/Plans). Epitou, ou ka rele Sèvis Kliyantèl la pou mande pou nou voye yon *Prèv sou Kouvèti* pou ou.

Kisa pou fè kounye a

1. MANDE: Ki chanjman ki aplike pou ou

Verifye chanjman ki fèt nan avantaj ak nan pri nou yo pou w wè si yo afekte w.

- Revize chanjman ki fèt nan pri pou swen medikal yo (doktè, lopital).
- Revize chanjman ki fèt nan kouvèti pou medikaman nou an, ki enkli restriksyon sou kouvèti ak pataj frè yo.
- Reflech sou konbyen lajan ou pral depanse nan prim, franchiz, ak pataj frè.
- Tcheke chanjman ki fèt nan "Gid Medikaman" 2025 la pou asire w ke medikaman w ap pran kounye a kouvri toujou.
- Konpare enfòmasyon sou plan 2024 la ak sa 2025 lan pou w wè si nenpòt nan medikaman sa yo pase nan yon nivo pataj frè ki diferan oswa si yo pral siseptib pou sibi restriksyon ki diferan, tankou otorizasyon davans, terapi pa etap, oswa limit sou kantite, pou 2025 lan.

Verifye pou wè si doktè swen prensipal ou yo, espesyalist ou yo, lopital yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo, enkli famasi yo ap nan rezo nou an pou ane k ap vini an.

Tcheke si ou kalifye pou èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Moun ki pa gen ase revni kapab kalifye pou jwenn "Èd Anplis" (Extra Help) nan men Medicare.

Reflech sou si w satisfè ak plan nou an.

2. KONPARE: Jwenn enfòmasyon sou lòt chwa plan yo

Tcheke kouvèti ak pri pou plan yo nan zòn ou an. Itilize Lokalizatè Plan Medicare (Medicare Plan Finder) la nan sitwèb www.medicare.gov/plan-compare oswa gade lis la ki nan do manyèl *Medicare ak Ou 2025 (Medicare & You 2025)* ou an. Pou w jwenn sipò adisyonèl, kontakte Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou w pale ak yon konseye ki fòme pou sa.

Yon fwa ke w deside w sou chwa w la pou yon plan prefere, konfime pri w yo ak kouvèti a sou sitwèb plan an.

3. CHWAZI: Deside si w vle chanje plan w lan

- Si w pa rantre nan yon lòt plan pa pita pase 7 desanm 2024, w ap rete nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).
- Pou w **chanje ale nan yon plan ki diferan**, ou kapab chanje plan ant 15 oktòb ak 7 desanm. Nouvo kouvèti w la pral kòmanse nan dat **1ye janvyè 2025**. Sa pral mete fen nan enskripsyon w nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).

- Gade nan seksyon 3.2, paj 18 pou w jwenn plis enfòmasyon sou chwa ou yo.
- Si w fenk enstale oswa w ap viv aktyèlman nan yon enstitisyon (tankou yon etablisman swen enfimye espesyalize oswa yon lopital pou swen alontèm), ou kapab chanje plan oswa chanje ale nan Original Medicare (swa avèk oswa san yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon separe) nenpòt ki lè. Si ou te fèk soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje pou Original Medicare pandan de (2) mwa konplè apre mwa ou kite a.

Resous Adisyonèl

- Dokiman sa a disponib gratis nan lang Kreyòl Ayisyen ak Panyòl.
- Tanpri kontakte nimewo Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-800-794-5907 pou w jwenn plis enfòmasyon. (Itilizatè TTY yo dwe rele 711.) Soti 1ye oktòb rive 31 mas, nou louvri 7 jou pa semèn, 8 a.m. jiska 8 p.m. Soti 1ye avril rive 30 septanm, nou louvri Lendi - Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. Ou ka toujou kite yon mesaj vokal apre orè ouvèti yo, jou samdi, jou dimanch ak jou ferye yo e n ap retounen apèl ou a nan espas yon jounen travay. Apèl sa a gratis.
- Enfòmasyon sa a disponib nan diferan fòm, tankou bray, gwo karaktè ak odyo. Tanpri rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo ki endike anwo a si ou bezwen enfòmasyon sou plan an nan yon lòt fòm.
- **Kouvèti anba plan sa a konsidere kòm Kouvèti Sante ki Kalifye (Qualifying Health Coverage, QHC)** epi li satisfè egzijans pou pataje responsablite endividyèl Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Patient Protection and Affordable Care Act, ACA) a. Tanpri vizite sitwèb Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) la nan www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families pou jwenn plis enfòmasyon.

Apwopo CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)

- CarePlus se yon plan HMO SNP ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid. Enskripsyon nan CarePlus depannde renouvèlman kontra a. Plan an genyen tou yon akò alekri ak pwogram Florida Medicaid la pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo.
- Se CarePlus Health Plans, Inc. ak Eta Florida, Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration) ki finanse plan sa a.
- Lè dokiman sa a di "nou", "nou menm," oswa "pa nou," li vle di CarePlus Health Plans, Inc. Lè li di "plan" oswa "plan nou an," li vle di CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).

H1019_ANOC_MAPD_HMO_146000_2025_M

Apwobasyon OMB 0938-1051 (Ap Ekspire: 31 out 2026)

Avi Anyèl sou Chanjman pou 2025 Tab Matyè

Rezime sou Pri Enpòtan pou 2025.....	6
SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Ane Pwochè.....	10
Seksyon 1.1 - Chanjman nan Prim Chak Mwa	10
Seksyon 1.2 - Chanjman nan Montan Maksimòm Lajan ki Soti nan Pòch Ou.....	10
Seksyon 1.3 - Chanjman nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi yo.....	11
Seksyon 1.4 - Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Sèvis Medikal yo	11
Seksyon 1.5 - Chanjman nan Kouvèti Pati D pou Medikaman sou Preskripsyon	14
SEKSYON 2 Chanjman Administratif.....	17
SEKSYON 3 Deside Ki Plan pou Chwazi.....	18
Seksyon 3.1 - Si ou vle rete nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).....	18
Seksyon 3.2 - Si w vle chanje plan.....	18
SEKSYON 4 Dat Limit pou Chanje Plan	19
SEKSYON 5 Pwogram ki Ofri Konsèy Gratis sou Medicare ak Medicaid	19
SEKSYON 6 Pwogram ki Ede Peye pou Medikaman sou Preskripsyon.....	20
SEKSYON 7 Ou gen Kesyon?.....	21
Seksyon 7.1 - Jwenn Èd nan men CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)	21
Seksyon 7.2 - Jwenn Èd nan men Medicare	21
Seksyon 7.3 - Jwenn Èd nan men Medicaid	21
Anèks A. Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a	22
W ap jwenn ladan lis non, adrès, nimewo telefòn, ak lòt enfòmasyon kontak pou yon varyete resous itil nan eta w la.	

Rezime sou Pri Enpòtan pou 2025

Tablo anba a konpare pri pou ane 2024 yo ak pri pou ane 2025 yo pou CareNeeds Platinum (HMO D-SNP) nan plizyè domèn enpòtan. **Tanpri sonje sa a se yon rezime sou pri yo li ye sèlman.**

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Prim plan an pa mwa	\$0 oswa jiska \$32.50	\$0
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Sa a se limit <u>maksimòm</u> lajan k ap soti nan pòch ou ke w ap peye pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri ou yo. (Gade Seksyon 1.2 pou detay yo.)	\$3,400 Si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou k ap konte nan limit pou kantite lajan maksimòm ki sòti nan pòch pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.	\$3,400 Si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou k ap konte nan limit pou kantite lajan maksimòm ki sòti nan pòch pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.
Vizit nan klinik doktè	Vizit pou swen prensipal: \$0 kòm kopeman pou chak vizit Vizit kay espesyalis: \$0 kòm kopeman pou chak vizit	Vizit pou swen prensipal: \$0 kòm kopeman pou chak vizit Vizit kay espesyalis: \$0 kòm kopeman pou chak vizit
Sejou nan lopital pou pasyan ki entènè	\$0 kòm kopeman pou chak sejou	\$0 kòm kopeman pou chak sejou

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
<p>Kouvèti pou medikaman sou preskripsyon Pati D (Gade Seksyon 1.5 pou detay yo.)</p>	<p>\$0 kòm Avantaj Kopeman pou Preskripsyon aplike si w resevwa "Èd Anplis" (Extra Help). W ap peye sa ki annapre yo pou tout medikaman Pati D ki kouvri nan plan an pou tout ane kalandriye a:</p> <p>Franchiz: \$0</p> <p>Kopeman pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tout medikaman Pati D ki kouvri nan plan an: \$0 <p>\$0 kòm Avantaj Kopeman pou Preskripsyon pa aplike si ou pa resevwa "Èd Anplis" (Extra Help). Men sa w ap peye:</p> <p>Franchiz: \$545 sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou adilt yo. Pri ou pou ensilin ki kouvri pandan etap sa a ap menm ak pri ou nan Etap Kouvèti Inisyal ki pi ba a.</p> <p>Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p>	<p>\$0 kòm Avantaj Kopeman pou Preskripsyon aplike si w resevwa "Èd Anplis" (Extra Help). W ap peye sa ki annapre yo pou tout medikaman Pati D ki kouvri nan plan an pou tout ane kalandriye a:</p> <p>Franchiz: \$0</p> <p>Kopeman pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 • Medikaman Nivo 2: \$0 • Medikaman Nivo 3: \$0 • Medikaman Nivo 4: \$0 • Medikaman Nivo 5: \$0 <p>Pataj frè yo aplike pou apwovizyonman pou 30 ak 100 jou. Medikaman Nivo 5 gen yon limit pwovizyon pou 30 jou.</p> <p>\$0 kòm Avantaj Kopeman pou Preskripsyon pa aplike si ou pa resevwa "Èd Anplis" (Extra Help). Men sa w ap peye:</p> <p>Franchiz: \$510 sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou adilt yo. Pri ou pou ensilin ki kouvri pandan etap sa a ap menm ak pri ou nan Etap Kouvèti Inisyal ki pi ba a.</p> <p>Kopeman/Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p>

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
	<p>Pou yon pwovizyon pou 30 jou nan yon famasi detayan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tout medikaman Pati D ki kouvri nan plan an: 25% <p>Ou peye 25% pou chak preskripsyon sof pou chak pwodwi ensilin ki kouvri, w ap peye \$35 pou chak mwa apwovizyonman.</p>	<p>Pou yon pwovizyon pou 30 jou nan yon famasi detayan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 • Medikaman Nivo 2: \$0 <p>Ou peye \$0 pou chak mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: \$47 <p>Ou peye \$35 pou chak mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: 25% <p>Ou peye \$35 pou chak mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p>
	<p>Pou yon pwovizyon pou 90 jou nan yon famasi ki pran kòmman pa lapòs avèk pataj frè prefere:</p> <p>Pa aplikab</p>	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmman pa lapòs avèk pataj frè prefere:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 • Medikaman Nivo 2: \$0 <p>Ou peye \$0 pou chak 3 mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: \$94 <p>Ou peye \$70 pou chak 3 mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: Pa disponib

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
	<p>Pou yon pwovizyon pou 90 jou nan yon famasi ki pran kòmman pa lapòs ki genyen pataj frè estanda:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tout medikaman Pati D ki kouvri nan plan an: 25% <p>Ou peye 25% pou chak preskripsyon sof pou chak pwodwi ensilin ki kouvri, w ap peye \$105 pou chak apwovizyonman 3 mwa.</p>	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmman pa lapòs ak pataj frè estanda:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$30 • Medikaman Nivo 2: \$60 <p>Ou peye \$60 pou chak 3 mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: \$141 <p>Ou peye \$105 pou chak 3 mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: Pa disponib
	<p>Kouvèti Katastwofik:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pandan etap peman sa a, plan an peye pou tout frè pou medikaman Pati D ki kouvri yo 	<p>Kouvèti Katastwofik:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ou ki kouvri yo.

SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Ane Pwochè

Seksyon 1.1 - Chanjman nan Prim Chak Mwa

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
Prim pa mwa (Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w la tou sof si Florida Medicaid peye yo pou ou.)	\$0 oswa jiska \$32.50 Si ou kalifye pou jwenn "Èd Anplis" (Extra Help) pou pri pou medikaman sou preskripsyon ou yo, ou ka p ap gen pou peye yon prim pou plan an, oswa ou kapab peye yon montan ki pi piti.	\$0

Seksyon 1.2 - Chanjman nan Montan Maksimòm Lajan ki Soti nan Pòch Ou

Medicare mande tout plan sante yo pou yo limite kantite lajan ou peye k ap soti nan pòch pou ane a. Yo rele limit sa a montan maksimòm lajan ki soti nan pòch la. Depi ou fin peye montan sa a, an jeneral, ou p ap peye anyen pou sèvis ou genyen ki kouvri nan Pati A ak Pati B yo pou rès ane a.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
	Nan rezo	Nan rezo
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Paske manm nou yo jwenn asistans tou nan Florida Medicaid, se sèlman kèk manm ki janm rive atenn limit sa a pou maksimòm lajan ki soti nan pòch la. Si w kalifye pou asistans Medicaid ak kopeman pou Pati A ak Pati B, ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou ke y ap konte nan limit montan maksimòm ki sòti nan pòch la pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo. Frè ou yo pou sèvis medikal ki kouvri yo (tankou kopeman yo) konte pou limit montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou. Pri ou pou medikaman sou preskripsyon pa konte nan limit montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.	\$3,400	\$3,400 Depi ou fin peye \$3,400 ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo, ou p ap peye anyen pou sèvis Pati A ak Pati B ou genyen ki kouvri yo pou rès ane sivil la.

Seksyon 1.3 - Chanjman nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi yo

Kantite lajan ou peye pou medikaman sou preskripsyon ou yo ka depannde ki famasi ou itilize. Plan medikaman Medicare yo gen yon rezo famasi. Nan pifò ka yo, preskripsyon w yo kouvri sèlman si w ranpli yo nan youn nan famasi ki nan rezo nou yo.

W ap jwenn anyè ki ajou yo sou sitwèb nou an nan [CarePlusHealthPlans.com/Directories](https://www.careplushealthplans.com/directories). Ou kapab rele Sèvis Kliyantèl la tou pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou pwofesyonèl swen sante ak/oswa famasi oswa pou mande nou pou nou voye yon anyè pa lapòs ba ou, ke n ap voye pa lapòs sou twa jou ouvrab.

Gen chanjman ki fèt nan rezo pwofesyonèl swen sante nou an pou ane pwochèn. **Tanpri al gade Anyè Pwofesyonèl Swen Sante pou 2025 lan ([CarePlusHealthPlans.com/Directories](https://www.careplushealthplans.com/directories)) pou wè si pwofesyonèl swen sante ou yo (pwofesyonèl swen prensipal, espesyalis yo, lopital yo, elatriye) nan rezo nou an.**

Gen chanjman ki fèt nan rezo pwofesyonèl swen sante nou an pou ane pwochèn. **Tanpri al gade Anyè Pwofesyonèl Swen Sante 2025 lan pou wè ki famasi ki nan rezo nou an.**

Li enpòtan pou w konnen ke nou ka fè chanjman nan lopital yo, doktè yo, ak espesyalis yo (pwofesyonèl swen sante), ak famasi ki fè pati plan w lan pandan ane a. Si gen yon chanjman ki fèt nan mitan ane a nan pwofesyonèl swen sante nou yo ki afekte w, tanpri kontakte Sèvis Kliyantèl la pou nou ka ede w.

Seksyon 1.4 - Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Sèvis Medikal yo

Tanpri sonje ke *Avi Anyèl sou Chanjman yo* enfòme w sou chanjman ki fèt nan avantaj ak pri Medicare ou yo.

N ap fè chanjman nan pri ak avantaj pou sèten sèvis medikal ane pwochèn. Enfòmasyon pi ba yo dekri chanjman sa yo.

Sèvis yo resevwa nan Klinik Sante nan Zòn Riral yo, Klinik Sante ki gen Kalifikasyon Federal yo, ak Lopital pou Aksè Kritik yo ka sijè a kopeman oswa ko-asirans pou Doktè Swen Prensipal oswa Espesyalis, jan sa aplikab, pou 2025.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Sèvis anbilans <ul style="list-style-type: none"> Pou chak transpò sou tè pou ijans ke Medicare kouvri, ou peye: 	\$0 oswa \$100 kòm kopeman pou chak deplasman si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, ou peye yon montan \$0 kòm kopeman.	\$0 oswa \$200 kòm kopeman pou chak deplasman si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, ou peye yon montan \$0 kòm kopeman.
Sèvis swen dantè <ul style="list-style-type: none"> Avantaj swen dantè siplemantè: 	DEN914 Plan an kouvri jiska \$1,000 kòm alokasyon chak ane pou sèvis swen dantè prevantif ak konplè ke Medicare pa kouvri.	DEN117 \$0 kòm kopeman pou egzamen oral konplè, film panoramik jiska 1 chak 3 ane.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	<p style="text-align: center;">Nan rezo</p> <p>Ou responsab pou nenpòt kantite lajan ki pi wo pase limit pwoteksyon dantè a. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire. Avantaj ou ka sèvi pou pifò tretman dantè tankou: Sèvis swen dantè prevantif, tankou egzamen, netwayaj woutin, elatriye. Swen dantè debaz, tankou mete plon, ekstraksyon, elatriye. Sèvis dantè majè, tankou detatraj pawodontal, kouwòn, fo dan, kanal rasin, pon, enplantasyon, elatriye. Nòt: Alokasyon an pa ka sèvis pou sèvis kosmetik.</p>	<p style="text-align: center;">Nan rezo</p> <p>\$0 kòm kopeman pou ratelye (fodan) konplè, ratelye (fodan) pasyèl jiska 1 chak 5 ane. \$0 kòm kopeman pou radyografi entèpwoksimal jiska 1 seri chak ane. \$0 kòm kopeman pou amalgam ak/oswa plonbij ak konpozit, anestezi ki nesèsè pou sèvis yo kouvri a, ekstraksyon (rache) dan senp oswa pa chiriji jiska 2 chak ane. \$0 kòm kopeman pou antretyen pawodontal jiska 4 chak ane. \$0 kòm kopeman pou ekstraksyon pou ratelye (fo dan), anestezi ki nesèsè avèk sèvis ki kouvri jiska san limit chak ane. Ekstraksyon san limit kouvri sèlman lè se pou pèmèt manm lan resevwa pwotèz dantè, tout lòt ekstrasyon yo limite ak 2 pou chak ane.</p>
<p>Swen dijans</p> <ul style="list-style-type: none"> Pou chak vizit nan sal dijans ki kouvri nan Medicare, ou peye: 	<p>\$0 oswa \$120 kòm kopeman ki dispanse si ou entène nan lespas 24 èdtan. Si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, w ap peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>	<p>\$0 oswa \$140 kòm kopeman ki dispanse si ou entène nan lespas 24 èdtan. Si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, ou peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>
<p>Alokasyon pou atik san preskripsyon (OTC) Kat Kont Depans CarePlus la se sa ke w ap itilize pou depanse alokasyon sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Si plan ane 2024 ak 2025 ou yo gen yon Kat Kont Depans CarePlus, tanpri kontinye itilize menm kat la. - Si ou pa gen yon kat, yo pral voye youn pou ou pa lapòs epi alokasyon 2025 ou a pral ajoute sou li otomatikman. - Montan alokasyon yo pa kapab konbine avèk lòt alokasyon avantaj. - Limit ak restriksyon ka aplike. 	<p>Pa Kouvri</p>	<p>\$75 kòm alokasyon chak trimès sou yon kat prepeye pou achte pwodwi sante ak byennèt san preskripsyon ki apwouve nan kote ki vann an detay k ap patisipe nan pwogram nan. Montan alokasyon an pa ka konbine avèk lòt alokasyon ki ta ka genyen sou Kat la. Kòb ki pa sèvi yo pral ajoute sou lòt trimès la epi l ap ekspire nan fen ane plan an.</p>
<p>Avantaj Siplemanè Espesyal pou Moun ki gen Maladi Kwonik</p> <ul style="list-style-type: none"> Asistans Swen pou Maladi Kwonik 	<p>Asistans Swen pou Maladi Kwonik disponib pou manm ki elijib ki demontre yo</p>	<p>Pa Kouvri</p>

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	<p align="center">Nan rezo</p> <p>bezwen èd adisyonèl pou fè fas a yon depans medikal kalifye, prensipalman ki gen rapò ak sante oswa ki pa prensipalman gen rapò ak sante ki sipòte objektif plan swen manm nan. Y ap konsidere kalifikasyon pou manm ki gen sèten maladi kwonik, k ap patisipe aktyèlman nan sèvis jesyon swen yo epi ki reponn ak kritè pwogram nan. Avantaj yo limite jiska \$1,000 chak ane epi se yon jesyonè swen ki kowòdone yo. Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou patisipe.</p>	<p align="center">Nan rezo</p>
Transpò	<p>\$0 kòm kopeman pou kote plan an apwouve jiska yon kantite depasman ale senp san limit chak ane. Avantaj sa a ofri yon kantite mil san limit pou chak depasman.</p>	<p>\$0 kòm kopeman pou kote plan an apwouve jiska 50 depasman ale senp chak ane. Avantaj sa a ofri yon kantite mil san limit pou chak depasman.</p>
<p>Modèl Konsepsyon Asirans ki Baze sou Valè (Value-Based Insurance Design, VBID)</p> <ul style="list-style-type: none"> Alokasyon pou CareEssentials™ <p>Kat Kont Depans CarePlus la se sa ou itilize pou depanse alokasyon sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Si plan ane 2024 ak 2025 ou yo gen yon Kat Kont Depans CarePlus, tanpri kontinye itilize menm kat la. - Si ou pa gen yon kat, yo pral voye youn pou ou pa lapòs epi alokasyon 2025 ou a pral ajoute sou li otomatikman. - Montan alokasyon yo pa kapab konbine avèk lòt alokasyon avantaj. - Limit ak restriksyon ka aplike. 	<p>\$250 kòm alokasyon chak mwa sou yon kat prepeye pou itilize pou achte pwodwi esansyèl ou bezwen pou w rete an sante. Alokasyon sa a kapab sèvi pou achte pwodwi yo apwouve nan kote ki vann an detay k ap patisipe nan pwogram lan (tankou pwovizyon alimantè, pwodwi sante ak byennèt san preskripsyon, pwodwi swen pèsonèl, pwodwi pou kay, elatriye) oswa pou peye pou sèvis ki apwouve (depanmansansyèl pou viv tankou lwaye, depans transpò ki pa gen rapò avèk bagay medikal tankou taksi, Uber, Lyft, elatriye). Montan alokasyon an pa ka konbine avèk lòt alokasyon ki ta ka genyen sou Kat la. Montan ki pa sèvi a ap ekspire nan fen chak mwa.</p>	<p>\$225 kòm alokasyon chak mwa sou yon kat prepeye pou itilize pou achte pwodwi esansyèl ou bezwen pou w rete an sante. Alokasyon sa a kapab sèvi pou achte pwodwi yo apwouve nan kote ki vann an detay k ap patisipe nan pwogram lan (tankou pwovizyon alimantè, pwodwi sante ak byennèt san preskripsyon, pwodwi swen pèsonèl, pwodwi pou kay, elatriye) oswa pou peye pou sèvis ki apwouve (depanmansansyèl pou viv tankou lwaye, depans transpò ki pa gen rapò avèk bagay medikal tankou taksi, Uber, Lyft, elatriye). Montan alokasyon an pa ka konbine avèk lòt alokasyon ki ta ka genyen sou Kat la. Kòb ki pa sèvi yo pral ajoute sou lòt mwa a epi ap ekspire nan fen ane plan an.</p>
Swen vizyon		

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
	Nan rezo	Nan rezo
<ul style="list-style-type: none"> Sèvis vizyon woutin: 	<p>VIS143 \$0 kòm kopeman pou refraksyon ak dilatasyon (si sa nesèsè) ak egzamen woutin, jiska 1 chak ane. \$400 kòm montan maksimòm pou kouvèti avantaj la chak ane pou lantiy kontak oswa vè linèt ak monti plis eseyaj; oswa 3 pè linèt espesifik chak ane gratis. Ou ka chwazi linèt solèy sou preskripsyon kòm 1 pè. Linèt yo ap gen ladan pwoteksyon iltra-vyolèt ak kouch rezistans pou li pa grave, lantiy ki gen doub fwaye san liy demakasyon ak lantiy tranzisyon.</p>	<p>VIS141 \$0 kòm kopeman pou refraksyon ak dilatasyon (si sa nesèsè) ak egzamen woutin, jiska 1 chak ane. \$300 kòm montan maksimòm pou kouvèti avantaj la chak ane pou lantiy kontak oswa vè linèt ak monti plis eseyaj; oswa 3 pè linèt espesifik chak ane gratis. Ou ka chwazi linèt solèy sou preskripsyon kòm 1 pè. Linèt yo ap gen ladan pwoteksyon iltra-vyolèt ak kouch rezistans pou li pa grave, lantiy ki gen doub fwaye san liy demakasyon ak lantiy tranzisyon.</p>
<p>Pwoteksyon mondyal</p> <ul style="list-style-type: none"> Pou chak vizit nan sal dijans, ou peye: 	<p>\$0 oswa \$120 kòm kopeman ki dispanse si ou entène nan lespas 24 èdtan. Si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, ou peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>	<p>\$0 oswa \$140 kòm kopeman ki dispanse si ou entène nan lespas 24 èdtan. Si w kalifye pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, ou peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>

Seksyon 1.5 - Chanjman nan Kouvèti Pati D pou Medikaman sou Preskripsyon

Chanjman nan Gid Medikaman Nou an

Lis medikaman ki kouvri nou yo rele Fòmilè oswa Gid Medikaman. Nou founi yon kopi "Gid Medikaman" nou an elektwonikman. **Ou kapab jwenn Gid Medikaman an tou** lè ou rele Sèvis Kliyantèl la (gade nan do kouvèti a) oswa lè ou vizite sitwèb nou an ([CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide](https://www.CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide)).

Nou fè chanjman nan "Gid Medikaman" nou an, sa ki ta ka gen ladan retire oswa ajoute medikaman, chanje restriksyon ki aplike nan kouvèti nou bay pou sèten medikaman oswa deplase mete yo nan yon nivo pataj frè ki diferan. **Gade "Gid Medikaman" an pou asire w ke medikaman w yo pral kouvri ane pwochè epi pou wè si pral gen kèk restriksyon, oswa si yo mete medikaman w lan nan yon nivo pataj frè ki diferan.**

Pifò nan chanjman ki fèt nan Gid Medikaman an nouvo nan kòmansman chak ane. Sepandan, nou ka fè lòt chanjman règ Medicare pèmèt yo ki pral afekte w pandan ane plan an. Nou mete ajou "Gid Medikaman" nou an anliy pou bay lis medikaman ki pi ajou posib la. Si nou fè yon chanjman ki pral afekte aksè ou a yon medikaman w ap pran, n ap voye yon avi ba ou sou chanjman an.

Si yon chanjman nan kouvèti medikaman afekte w nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, tanpri revize Chapit 9 nan *Prèv sou Kouvèti* w la epi pale ak doktè w pou w konnen opsyon w genyen yo, tankou mande pou yon

pwovizyon tanporè, aplike pou yon eksepsyon ak/oswa chèche yon nouvo medikaman. Ou kapab kontakte Sèvis pou Manm yo tou pou jwenn plis enfòmasyon.

Nou ka nan moman sa retire tousuit yon mak medikaman nan Gid Medikaman nou an si nou ranplase l ak yon nouvo vèsyon medikaman jenerik nan menm nivo pataj frè oswa pi ba e ak menm oswa mwens restriskyon ak mak medikaman li ranplase a. Epitou, lè n ap ajoute yon nouvo medikaman jenerik, nou ka deside tou pou nou kenbe non mak medikaman an nan Gid Medikaman nou an, men tousuit voye l nan yon pataj frè ki diferan oswa ajoute nouvo restriksyon sou li oswa toude.

Apati ane 2025, nou ka imedyatman ranplase pwodwi byolojik orijinal yo ak sèten byosimilè. Sa vle di, pa egzanp, si w ap pran yon pwodwi byolojik orijinal ke y ap ranplase pa yon byosimilè, ou ka pa resevwa avi sou chanjman an 30 jou anvan nou fè li oswa ou ka pa jwenn pwovizyon pou yon mwa pou pwodwi byolojik orijinal ou a nan yon famasi ki nan rezo a. Si w ap pran pwodwi byolojik orijinal la nan moman nou fè chanjman an, w ap toujou jwenn enfòmasyon sou chanjman espesifik nou te fè a, men li ka rive apre nou fè chanjman an.

Kèk nan tip medikaman sa yo ka nouvo pou ou. Pou definisyon tip medikaman yo, tanpri gade Chapit 12 nan *Prèv sou Kouvèti* w la. Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) bay enfòmasyon tou pou konsomatè yo sou medikaman yo. Gade sitwèb FDA a: <https://www.fda.gov/drugs/biosimilars/multimedia-education-materials-biosimilars#For%20Patients>. Ou ka kontakte Sèvis Kliyantèl la tou oswa poze pwofesyonèl swen sante w la, moun k ap ekri preskripsyon w lan oswa famasyon w lan kesyon pou jwenn plis enfòmasyon.

Chanjman nan Avantaj ak Pri Medikaman sou Preskripsyon

Nòt: Si w nan yon pwogram ki ede peye pou medikaman ou yo "Èd Anplis" (Extra Help), **enfòmasyon sou pri pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo ka pa aplike pou ou.**

Apati 2025, gen twa etap peman pou medikaman: Etap Franchiz Anyèl la, Etap Kouvèti Inisyal la ak Etap Kouvèti Katastwofik la. Etap Peryòd San Kouvèti a ak Pwogram Rabè pou Peryòd San Kouvèti a p ap egziste ankò nan avantaj Pati D a.

Pwogram Rabè Fabrikan an pral ranplase. Pwogram Rabè pou Peryòd San Kouvèti a. Anba Pwogram Rabè Fabrikan an, fabrikan medikaman yo peye yon pati nan pri total plan an pou medikaman mak ak pwodwi byolojik ki kouvri nan Pati D pandan Etap Kouvèti Inisyal la ak Etap Kouvèti Katastwofik la. Rabè fabrikan yo peye anba Pwogram Rabè Fabrikan an pa konte nan lajan ki soti nan pòch ou.

Chanjman nan Etap Franchiz la

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
Etap 1: Etap Franchiz Anyèl Pandan etap sa a, ou peye pri total pou medikaman w yo jiskaske ou atenn franchiz anyèl la. Franchiz pa aplike pou pwodwi ensilin ki kouvri yo ak pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, sa gen ladann vaksen kont zona, tetanòs ak vaksen pou avan vwayaj. Pri ou pou ensilin ki kouvri pandan etap sa a ap menm ak pri ou nan Etap Kouvèti Inisyal ki pi ba a.	Si w resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), franchiz ou ap \$0 . Pandan etap sa a, ou peye \$0 pou tout medikaman Pati D plan an kouvri. Si ou pa resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), franchiz la ap \$545 .	Si w resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), franchiz ou ap \$0 . Pandan etap sa a, ou peye \$0 pou tout medikaman Pati D plan an kouvri. Si ou pa resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), franchiz la ap \$510 .

Chanjman nan Pataj Frè Ou yo nan Etap Kouvèti Inisyala

Pou medikaman nan Nivo 1 – Jenerik Prefere, pataj frè w la nan Etap Kouvèti Inisyala ap chanje soti nan ko-asirans pou pase a yon kopeman. Tanpri gade tablo annapre a pou chanjman de ane 2024 a ane 2025.

Pou medikaman nan Nivo 2 – Jenerik, pataj frè w la nan Etap Kouvèti Inisyala ap chanje soti nan ko-asirans pou pase a yon kopeman. Tanpri gade tablo annapre a pou chanjman de ane 2024 a ane 2025.

Pou medikaman nan Nivo 3 – Mak Prefere, pataj frè w la nan Etap Kouvèti Inisyala ap chanje soti nan ko-asirans pou pase a yon kopeman. Tanpri gade tablo annapre a pou chanjman de ane 2024 a ane 2025.

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
<p>Etap 2: Etap Kouvèti Inisyala Depi ou fin peye franchiz anyèl la, ou pase nan Etap Kouvèti Inisyala. Pandan etap sa a, plan an peye pati pa li nan depans pou medikaman w yo epi ou peye pati pa w nan pri a.</p> <p>Nou te chanje nivo a pou kèk nan medikaman yo nan Gid Medikaman nou an. Pou w wè si medikaman w yo ap nan yon nivo ki diferan, chèche yo nan Gid Medikaman an.</p> <p>Pifò vaksen Pati D pou granmoun yo kouvri gratis pou ou.</p>	<p>Si w resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), ou pral peye \$0 pou tout medikaman Pati D plan an kouvri.</p> <p>Si ou pa resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), pri ou pou yon apwovizyonman pou yon mwa (jiska 30 jou) ke w ranpli nan yon famasi ki nan rezo a pi ba:</p>	<p>Si w resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), ou pral peye \$0 pou tout medikaman Pati D plan an kouvri.</p> <p>Si ou pa resevwa "Èd Anplis" (Extra Help), pri ou pou yon apwovizyonman pou yon mwa (jiska 30 jou) ke w ranpli nan yon famasi ki nan rezo a pi ba:</p>
	<p>Tout medikaman Pati D ki kouvri nan plan an: Ou peye 25% pou chak preskripsyon sof pou chak pwodwi ensilin ki kouvri, w ap peye \$35 pou chak mwa apwovizyonman.</p>	
		<p>Jenerik Prefere: Ou peye \$0 pou chak preskripsyon. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmman pa lapòs pou yon mwa se \$10</p>
		<p>Jenerik: Ou peye \$0 pou chak preskripsyon. Ou peye \$0 pou chak mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmman pa lapòs pou yon mwa se \$20</p>

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
		Mak Prefere: Ou peye \$47 pou chak preskripsyon. Ou peye \$35 pou chak mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmman pa lapòs pou yon mwa se \$47
		Medikaman ki Pa Prefere: Ou peye 25% pou chak preskripsyon. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmman pa lapòs pou yon mwa se 25%
		Nivo Espesyalize: Ou peye 25% pou chak preskripsyon. Ou peye \$35 pou chak mwa apwovizyonman pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmman pa lapòs pou yon mwa se 25%
	Depi montan pri total pou medikaman ou yo rive \$5,030 , w ap pase nan pwochen etap la (Etap Peryòd San Kouvèti a).	Depi ou fin peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch pou medikaman Pati D yo, w ap pase nan pwochen etap la (Etap Kouvèti Katastwofik la).

Chanjman nan Etap Kouvèti Katastwofik la

Etap Kouvèti Katastwofik la se twazyèm ak dènye etap la. Apati ane 2025, fabrikan medikaman yo peye yon pati nan pri total plan an pou mak medikaman ak pwodwi byolojik ki kouvri nan Pati D yo pandan Etap Kouvèti Katastwofik la. Rabè fabrikan yo peye anba Pwogram Rabè Fabrikan an pa konte nan lajan ki soti nan pòch ou.

Si w rive nan Etap Kouvèti Katastwofik la, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ou ki kouvri yo.

Pou enfòmasyon espesifik sou pri ou yo nan Etap Kouvèti Katastwofik la, gade nan Chapit 6, Seksyon 6, *Prèv sou Kouvèti w la*.

SEKSYON 2 Chanjman Administratif

Deskripsyon	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
Plan Medicare pou Peman Preskripsyon	Pa aplikab	Plan Medicare pou Peman Preskripsyon an se yon nouvo opsyon peman ki travay ak kouvèti medikaman aktyèl ou a, e li ka ede w jere depans pou medikaman w yo lè ou repati yo an plizyè peman mansyèl ki varye pandan ane a (Janvyè - Desanm). Pou aprann plis sou opsyon peman sa a, tanpri vizite CarePlusHealthPlans.com/RxCostHelp , kontakte nou nan nimewo Sèvis pou Manm ki sou do kat Idantifikasyon Manm CarePlus ou an oswa vizite Medicare.gov.

SEKSYON 3 Deside Ki Plan pou Chwazi

Seksyon 3.1 - Si ou vle rete nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)

Pou rete nan plan nou an, ou pa gen anyen pou fè. Si w pa enskri pou yon lòt plan ki diferan oswa si w pa chanje pou ale nan Original Medicare dis 7 desanm, w ap enskri otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP) nou an.

Seksyon 3.2 - Si w vle chanje plan

Nou espere kenbe w kòm manm ane pwochèn men si w vle chanje plan pou 2025 swiv etap sa yo:

Etap 1: Aprann epi konpare chwa w yo

- Ou ka rantre nan yon plan sante Medicare ki diferan,
- OSWA-- Ou ka chanje pou Original Medicare. Si w chanje pou Original Medicare, w ap dwe deside si wi ou non pou w rantre nan yon plan medikaman Medicare.

Pou aprann plis sou Original Medicare ak diferan kalite plan Medicare yo, itilize Lokalizatè Plan Medicare (Medicare Plan Finder) a (www.medicare.gov/plan-compare), li manyèl Medicare ak Ou 2025 (Medicare & You 2025) la, rele Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (SHIP) ou a (gade nan Seksyon 5), oswa rele Medicare (gade nan Seksyon 7.2).

Etap 2: Chanje kouvèti w la

- Pou **chanje pou yon plan sante Medicare ki diferan**, enskri nan nouvo plan an. Ou pral dezenskri otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).
- Pou **chanje pou ale nan Original Medicare avèk yon plan medikaman sou preskripsyon**, enskri nan nouvo plan medikaman an. Ou pral dezenskri otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).

- Pou **chanje pou ale nan Original Medicare san yon plan medikaman sou preskripsyon**, ou dwe swa:
 - Voye yon demann alekri bannou pou w dezenskri. Kontakte Sèvis pou Manm yo si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou w fè sa.
 - OSWA – Kontakte **Medicare**, nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, epi mande pou anile enskripsyon w. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Si ou chanje pou Original Medicare epi ou **pa** enskri nan yon plan Medicare medikaman sou preskripsyon separe, Medicare ka enskri ou nan yon plan medikaman sof si ou te refize enskripsyon otomatik la.

SEKSYON 4 Dat Limit pou Chanje Plan

Si w vle chanje nan yon lòt plan diferan oswa Original Medicare pou ane pwochèn, ou ka fè sa apati **15 oktòb jiska 7 desanm**. Chanjman an ap efektiv nan dat 1ye janvye 2025.

Èske gen lòt moman nan ane a pou fè yon chanjman?

Nan sèten sitiyasyon, yo pèmèt chanjman tou nan lòt moman nan ane a. Sa yo enkli, pa egzanp, moun ki sou Medicaid, moun ki resevwa "Èd Anplis" (Extra Help) pou peye pou medikaman yo, moun ki resevwa oswa k ap kite kouvèti anplwayè yo, ak moun ki demenaje soti nan zòn sèvis la.

Paske w gen Florida Medicaid, ou ka kanpe adezyon w nan plan w lan nan nenpòt ki mwa nan ane a. Ou gen opsyon tou pou w enskri nan yon lòt plan Medicare nan nenpòt mwa, sa enkli:

- Original Medicare avèk yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon separe,
- Original Medicare san yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon separe (Si ou chwazi opsyon sa a, Medicare ka enskri w nan yon plan pou medikaman, sof si ou te refize enskripsyon otomatik la.), oswa
- Si w kalifye, yon D-SNP entegre ki ba w Medicare ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Si ou te enskri nan yon plan Medicare Advantage pou 1ye janvye 2025, epi ou pa renmen chwa plan w lan, ou ka chanje pou yon lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon) oswa chanje nan Original Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon) ant 1ye janvye ak 31 mas 2025.

Si w te fèk pran lojman oswa w ap viv aktyèlman nan yon enstitisyon (tankou yon etablisman swen enfimye espesyalize oswa yon lopital swen alontèm), ou ka chanje kouvèti Medicare ou a **nenpòt ki lè**. Ou ka chanje pou nenpòt lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon) oswa chanje pou Original Medicare (swa avèk oswa san yon plan Medicare separe pou medikaman sou preskripsyon) nenpòt ki lè. Si ou te fèk soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje pou Original Medicare pandan de (2) mwa konplè apre mwa ou kite a.

SEKSYON 5 Pwogram ki Ofri Konsèy Gratis sou Medicare ak Medicaid

Pwogram Asistans Asirans Sante Eta a (SHIP) se yon pwogram gouvènmantral endepandan ki gen konsèy kalifye nan chak eta.

Se yon pwogram eta a ki resevwa lajan nan men gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare yo konsèy **gratis** sou asirans sante lokal. Konsèy Pwogram Asistans Asirans Sante Eta a (SHIP) ka ede w ak kesyon oswa

pwoblèm Medicare ou yo. Yo ka ede w konprann chwa plan Medicare ou yo epi reponn kesyon sou chanje plan. Ou ka rele Pwogram Asistans Asirans Sante Eta w la nan nimewo ki endike nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Pou kesyon konsènan avantaj Florida Medicaid ou yo, kontakte Florida Medicaid. Mande kijan enskripsyon nan lòt plan oswa retounen nan Original Medicare afekte fason ou gen kouvèti Florida Medicaid ou a. Ou kapab rele Florida Medicaid nan nimewo ki liste nan "Anèks A" nan do dokiman sa a.

SEKSYON 6 Pwogram ki Ede Peye pou Medikaman sou Preskripsyon

Ou ka kalifye pou èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Pi ba a nou liste diferan kalite èd yo:

- **"Èd Anplis" (Extra Help) nan men Medicare.** Akoz ou genyen Florida Medicaid, ou gendwa deja enskri nan "Èd Anplis," ke yo rele tou Sibvansyon pou Moun ki gen Revni Ba. Si w resevwa "Èd Anplis," li peye kèk oswa tout prim medikaman sou preskripsyon w yo ak franchiz anyèl ou yo ak depans pou chak preskripsyon w yo, an fonksyon nivo èd ou resevwa a. Si ou kalifye, ou pa gen yon penalite pou enskripsyon anreta. Si w gen kesyon sou "Èd Anplis," rele:
 - 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize TTY yo dwe rele 1-877-486-2048, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn;
 - Biwo Sekirite Sosyal la nan nimewo 1-800-772-1213 ant 8 am ak 7 pm, lendi jiska vandredi pou pale ak yon reprezantan. Mesaj otomatik yo disponib 24 èdtan pa jou. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-800-325-0778; oswa
 - Biwo Medicaid Eta w la.
- **Asistans pou pataj frè pou Preskripsyon pou moun ki gen VIH/SIDA.** Pwogram Asistans pou Medikaman pou SIDA a (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) ede asire ke moun ki kalifye pou ADAP yo k ap viv ak VIH/SIDA gen aksè ak medikaman VIH pou sove lavi yo. Pou elijib pou ADAP k ap fonksyone nan Eta w la, endividi yo dwe satisfè sèten kritè; ki gen ladan prèv rezidans nan Eta a ak estati VIH, revni fèb selon jan Eta a defini sa, ak estati si yo pa asire oswa pa asire ase. Medikaman sou preskripsyon nan Medicare Pati D yo ke ADAP kouvri tou yo kalifye pou asistans pataj frè pou medikaman atravè pwogram ADAP la. Pou enfòmasyon sou kritè elijiblite yo, medikaman ki kouvri yo, kijan pou w enskri nan pwogram nan oswa si w enskri aktyèlman kijan pou kontinye resevwa asistans, rele pwogram ADAP la (non ak nimewo telefòn òganizasyon sa a endike nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a). Asire w ke lè w rele, ou fè yo konnen non plan Medicare Pati D w la oswa nimewo polis asirans lan.
- **Plan Medicare pou Peman Preskripsyon an.** Plan Medicare pou Peman Preskripsyon an se yon nouvo opsyon peman ki ede w jere depans ou fè pou medikaman ak lajan ki soti nan pòch ou, k ap kòmanse nan ane 2025. Nouvo opsyon peman sa a mache ak kouvèti medikaman aktyèl ou a, epi li ka ede w jere depans pou medikaman w yo lè ou repati yo sou **peman mansyèl yo ki varye pandan ane a** (Janvyè – Desanm). **Opsyon peman sa a gendwa ede w jere depans ou yo, men li pa p fè ou ekonomize lajan oswa diminye pri pou medikaman ou yo.**

"Èd Anplis" (Extra Help) nan men Medicare ak èd nan men ADAP ou a, pou moun ki kalifye yo, bay plis benefis pase patisipasyon nan Plan Medicare pou Peman Preskripsyon an. Tout manm yo elijib pou yo patisipe nan opsyon peman sa a kèlkeswa nivo revni yo, epi tout plan medikaman Medicare yo ak plan sante Medicare ki gen kouvèti pou medikaman yo dwe ofri opsyon peman sa a. Pou aprann plis sou opsyon peman sa a, tanpri vizite [CarePlusHealthPlans.com/RxCostHelp](https://www.CarePlusHealthPlans.com/RxCostHelp), kontakte nou nan nimewo Sèvis Manm ki sou do kat Idantifikasyon Manm CarePlus ou a oswa vizite Medicare.gov.

SEKSYON 7 Ou gen Kesyon?

Seksyon 7.1 - Jwenn Èd nan men CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)

Ou gen Kesyon? Nou la pou nou ede w. Rele Sèvis pou Manm yo nan 1-800-794-5907. (TTY sèlman, rele 711.) Nou disponib pou resevwa apèl nan telefòn soti 8 a.m. rive 8 p.m., sèt jou pa semèn ant 1ye oktòb – 31 mas ak 8 a.m. rive 8 p.m. Lendi – Vandredi ant 1ye avril – 30 septanm. Ou ka toujou kite yon mesaj vokal apre lè biwo yo, jou samdi, jou dimanch ak jou ferye yo epi n ap retounen apèl ou a nan espas yon jounen travay. Apèl nan nimewo sa yo gratis.

Li Prèw sou Kouvèti 2025 pi (li gen detay sou avantaj ak depans pou ane pwochèn yo)

Avi Anyèl sou Chanjman sa a ba ou yon rezime sou chanjman ki fèt nan avantaj ak pri ou yo pou 2025. Pou jwenn detay, gade nan *Prèw sou Kouvèti* ane 2025 lan pou CareNeeds Platinum (HMO D-SNP). *Prèw sou Kouvèti* a se yon deskripsyon legal detaye sou avantaj plan ou yo. Li eksplike dwa ou genyen yo ak règ ou dwe swiv pou jwenn sèvis ki kouvri yo ak medikaman sou preskripsyon. Yon kopi *Prèw sou Kouvèti* a disponib sou sitwèb nou an nan [CarePlusHealthPlans.com/Plans](https://www.careplushealthplans.com/plans). Epitou, ou ka rele Sèvis Kliyantèl la pou mande pou nou voye yon *Prèw sou Kouvèti* pou ou.

Vizite Sitwèb nou an

Ou kapab vizite sitwèb nou an tou nan [CarePlusHealthPlans.com](https://www.careplushealthplans.com). Sonje, sitwèb nou an gen enfòmasyon ki pi ajou sou rezo pwofesyonèl swen sante nou an (*Anyèl Pwofesyonèl Swen Sante*) ak *Lis Medikaman ki Kouvri yo (Fòmilè/Gid Medikaman) nou yo*.

Seksyon 7.2 - Jwenn Èd nan men Medicare

Pou jwenn enfòmasyon dirèkteman nan Medicare:

Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)

Ou kapab rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Vizite sitwèb Medicare la

Vizite sitwèb Medicare la (www.medicare.gov). Li gen enfòmasyon sou pri, kouvèti, ak bon jan kalite Notasyon base sou sistèm Zetwal pou ede w konpare plan sante Medicare nan zòn ou an. Pou w wè enfòmasyon sou plan yo, ale sou www.medicare.gov/plan-compare.

Li Medicare ak Ou 2025 (Medicare & You 2025)

Li manyèl *Medicare ak Ou 2025 (Medicare & You 2025)*. Chak otòn, yo voye dokiman sa a pa lapòs bay moun ki gen Medicare. Li gen yon rezime sou avantaj, dwa ak pwoteksyon Medicare yo, ak repons pou kesyon yo poze souvan sou Medicare. Si ou pa gen yon kopi dokiman sa a, ou ka jwenn li sou sitwèb Medicare la (<https://www.medicare.gov/Pubs/pdf/10050-medicare-and-you.pdf>) oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Seksyon 7.3 - Jwenn Èd nan men Medicaid

Pou jwenn enfòmasyon nan men Medicaid, ou kapab rele Florida Medicaid nan nimewo ki liste nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Anèks A - Enfòmasyon Kontak Ajans Eta

Anèks A - Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a

Seksyon sa a bay enfòmasyon pou kontakte ajans eta yo ki mansyone nan Avi Anyèl sou Chanjman sa a. Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon w ap chèche a, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan nimewo telefòn ki nan do tiliv sa a.

FLORIDA	
Non ak Enfòmasyon Kontak SHIP	Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000 1-800-963-5337 (apèl gratis) 1-800-955-8770 (TTY) 1-850-414-2150 (faks) 1-800-963-5337 http://www.floridaSHINE.org
Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite	Acentra Health 5201 W. Kennedy Blvd. Suite 900 Tampa, FL 33609 1-888-317-0751 711 (TTY) 1-844-878-7921 (Faks) https://www.keproqio.com/
Biwo Medicaid Eta a	Florida Medicaid 2727 Mahan Drive Tallahassee, FL 32308-5407 1-888-419-3456 (apèl gratis) 1-850-412-4000 (lokal) 1-850-922-2993 (faks) 1-800-955-8771 (TTY) https://ahca.myflorida.com
Pwogram Asistans pou Medikaman pou SIDA	Florida AIDS Drug Assistance Program (ADAP) HIV/AIDS Section 4052 Bald Cypress Way Tallahassee, FL 32399 1-850-245-4422 1-800-545-7432 (1-800-545-SIDA) (Panyòl) 1-800-2437-101 (1-800-AIDS-101) (Kreyòl) 1-888-503-7118 (TTY) http://www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/aids/adap/index.html

Insurance ACE

Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive

AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L AVÈK ATANSYON.

Konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sou sante w yo enpòtan. Ou pa bezwen fè anyen sòf si ou gen yon demann oswa yon plent.

Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive sa a aplike pou tout antite ki fè pati Insurance ACE, yon Antite Afilye ki Kouvri anba HIPAA. ACE la se yon gwoup antite legalman separe ki afilye epi ki deziyen tèt yo kòm yon sèl antite ki kouvri pou kesyon HIPAA. Gen yon lis konplè manm ACE yo ki disponib nan <https://huma.na/insuranceace>

Nou ka chanje pratik konfidansyalite vi prive nou yo ak kondisyon ki nan avi sa a nenpòt ki lè, jan lalwa pèmèt sa, sa enkli enfòmasyon nou te kreye oswa resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Lè nou fè yon chanjman trè enpòtan nan pratik sou konfidansyalite vi prive nou yo, n ap chanje avi sa a epi n ap voye avi a bay abone nan plan sante nou yo.

Kisa enfòmasyon pèsònèl oswa enfòmasyon sou sante ki pa piblik ye?

Enfòmasyon pèsònèl oswa enfòmasyon sante ki pa piblik gen ladan enfòmasyon medikal ak enfòmasyon pèsònèl, tankou non, adrès, nimewo telefòn, nimewo Sekirite Sosyal, nimewo kont, enfòmasyon sou peman, oswa enfòmasyon demografik ou. Mo "enfòmasyon" an nan avi sa a enkli nenpòt enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sante ki pa piblik. Sa gen ladan enfòmasyon yon pwofesyonèl swen sante oswa yon plan sante kreye oswa resevwa. Enfòmasyon yo gen rapò avèk sante oswa pwoblèm sante fizik oswa mantal, swen sante ou jwenn oswa peman ki fèt pou swen sante sa yo.

Kijan nou kolekte enfòmasyon sou ou?

Nou kolekte enfòmasyon sou ou yo ak sou fanmi w lè ou ranpli aplikasyon ak fòm yo. Nou kolekte enfòmasyon yo tou nan kad relasyon w avèk nou, avèk afilye nou yo oswa lòt moun. Pa egzanp, nou gendwa resevwa enfòmasyon ki konsène w nan menm patisipan nan sistèm swen sante a, tankou doktè ou oswa lopital, epi nan men anplwayè w oswa administratè plan yo, biwo kredi yo ak Biwo Enfòmasyon Medikal la.

Ki enfòmasyon nou resevwa sou ou?

Enfòmasyon nou resevwa yo gendwa gen ladan eleman tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal, istorik peman prim ou yo ak aktivite ou sou sitwèb nou an. Sa gen ladan tou enfòmasyon ki konsène plan avantaj medikal ou, avantaj sante w yo, ak evalyasyon risk sante yo.

Kijan nou pwoteje enfòmasyon ou yo?

Se responsablite nou pou n pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo nan tout fòm tankou fòm enfòmasyon elektwonik ak enfòmasyon oral. Nou gen mezi pwoteksyon administratif, teknik ak fizik ki anplas pou pwoteje enfòmasyon ou yo nan plizyè fason, tankou:

- Limite kilès ki ka wè enfòmasyon w yo
- Limite fason nou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo
- Enfòmasyon w sou responsablite legal nou yo konsènan enfòmasyon w yo
- Bay anplwaye nou yo enfòmasyon sou pwogram ak pwosedi konfidansyalite vi prive yo

Kijan nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo?

Nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo:

- Bay oumenm oswa yon moun ki gen dwa legal pou l aji nan non w
- Bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal

Se dwa nou pou n itilize ak divilge enfòmasyon w yo:

- Ba yon doktè, yon lopital, oswa lòt founisè swen sante pou w kapab resevwa swen medikal.

- Pou aktivite peman, tankou reklamasyon peman pou sèvis ki garanti ke founisè swen sante yo ba ou ak pou peman prim plan sante.
- Pou aktivite jesyon swen sante, tankou tretman enskripsyon ou, reponn a demann ou yo, kowòdone swen ou, amelyore kalite, ak detèmine prim yo.
- Pou fè aktivite souskripsyon. Sepandan, nou p ap itilize okenn rezilta tè jenetik oswa poze kesyon konsènan istorik famiyal.
- Bay esponsò plan w lan pou pèmèt yo fè, planifye fonksyon administrasyon tankou aktivite kalifikasyon, enskripsyon, ak anilasyon enskripsyon. Nou kapab pataje rezime enfòmasyon sou sante w ak esponsò plan w lan nan sèten sitiyasyon. Pa egzanp, pou pèmèt esponsò plan w lan jwenn òf nan men lòt plan sante. Nou p ap pataje enfòmasyon detaye sou sante w ak esponsò plan w lan. Nou pral mande w pèmision ou, oswa esponsò plan w lan dwe sètifye yo dakò respekte konfidansyalite enfòmasyon ou yo.
- Pou kontakte ou avèk enfòmasyon konsènan avantaj ak sèvis ki asosye ak sante, rapèl pou randevou, oswa lòt chwa tretman ki kapab enterese ou. Si ou te refize, nou p ap kontakte ou.
- Ba fanmi ou ak zanmi ou si ou pa disponib pou kominike, tankou nan yon ijans.
- Pou fanmi w ak zanmi w, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye. Sa aplike si enfòmasyon yo dirèkteman gen rapò ak patisipasyon yo nan swen sante ou oswa ak peman pou swen sa a. Pa egzanp, si yon manm fanmi ou yon moun k ap bay swen rele nou paske yo deja okouran de yon reklamasyon ki fèt, nou kapab konfime si nou te resevwa ak peye reklamasyon an.
- Pou bay enfòmasyon sou peman bay abòne a pou jistifikasyon Sèvis Revni Entèn.
- Ba ajans sante piblik yo, si nou kwè genyen yon menas grav pou sante oswa sekirite.
- Ba otorite apwopriye lè genyen pwoblèm konsènan abi, neglijan, oswa vyolans nan kay.
- Pou satisfè yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, asiyasyon pou konparèt, demann kominikasyon pyès, oswa lòt pwosesis legal.
- Pou ranfòsman aplikasyon lalwa, bay otorite militè ak lè lalwa egzije sa.
- Pou ede nan efò pou asistans nan ka katastwòf.
- Pou pwogram konfòmite ak aktivite sipèvizyon sante.
- Pou ranpli obligasyon nou yo dapre nenpòt lwa oswa kontra konpansasyon travayè.
- Pou anpeche yon menas grav ak imedyat pou sante ou oswa sekirite ou oswa sante oswa sekirite lòt moun.
- Pou rezon rechèch nan sikonstans limite epi depi yo te pran mezi apwopriye pou pwoteje vi prive ou.
- Pou jwenn, estoke oswa transplante ògàn, zye oswa tisi.
- Ba yon medsen lejis, egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb.

Èske n ap itilize enfòmasyon ou yo pou rezon ki pa dekri nan avi sa a?

Nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon w yo pou okenn rezon ki pa dekri nan avi sa a, san pèmision w alekri. Ou ka anile pèmision ou nenpòt kilè depi ou fè nou konnen sa alekri.

Itilizasyon ak divilgasyon sa yo pral mande otorizasyon alekri ou:

- Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo
- Objektif maketing
- Lavant enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sante

Kisa nou fè avèk enfòmasyon ou yo lè ou pa yon manm ankò?

Nou gendwa kontinye sèvi avèk enfòmasyon ou yo pou rezon ki bay nan avi sa a. Sa a gen ladan lè ou pa jwenn kouvèti asirans nan men nou. Apre peryòd konsèvasyon legal ki obligatwa a, nou detwi enfòmasyon yo dapre pwosedi serye pou konsève konfidansyalite.

Ki dwa mwen genyen konsènan enfòmasyon mwen yo?

Nou angaje n pou nou reponn demann ou fè osijè dwa ou yo san pèdi tan

- Aksè - Se dwa w pou w revize ak jwenn yon kopi enfòmasyon w yo ke nou gendwa itilize pou n pran desizyon ki konsène w. Ou kapab resevwa tou yon rezime sou enfòmasyon sante sa yo. Jan lalwa aplikab egzije sa, nou pral mete enfòmasyon pèsònèl sa yo disponib pou ou oswa pou reprezantan ou deziyen an.
- Desizyon Souskripsyon Defavorab - Si nou refize aplikasyon pou asirans ou an, se dwa w pou yo ba w yon rezon pou refi a.
- Kominikasyon Altènatif - Pou evite yon sitiyasyon ki menase lavi, se dwa w pou resevwa enfòmasyon ou yo nan yon fason altènatif oswa nan yon lòt kote. N ap akomode demann ou si li rezonab.

- Amannman - Se dwa w pou mande koreksyon nenpòt enfòmasyon pèsònèl sa yo atravè yon amannman oswa eliminasyon. Nan lespas 60 jou ouvrab apre nou fin resevwa demann alekri w la, n ap enfòme w sou amannman nou an oswa eliminasyon enfòmasyon ou konteste a, oswa sou refi nou pou nou fè koreksyon sa a apre plis investigasyon. Si nou refize amande oswa efase enfòmasyon w ap konteste a, ou gen dwa pou soumèt nou yon deklarasyon alekri ki bay rezon ki fè ou pa dakò avèk evalyasyon enfòmasyon konteste nou a epi kisa ou konsidere kòm enfòmasyon ki kòrèk la. N ap rann deklarasyon sa a disponib pou tout pati k ap revize enfòmasyon ou konteste a.*
- Divilgasyon - Se dwa w pou resevwa yon lis ka kote nou menm oswa asosye biznis nou yo te divilge enfòmasyon ou yo. Sa pa aplike pou tretman, peman, aktivite plan sante ak sèten lòt aktivite. Nou konsève enfòmasyon sa yo, epitou nou mete yo disponib pou ou pandan sis lane. Si ou mande lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou kapab fè ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans ki fèt pou satisfè demann adisyonèl sa yo.
- Avi - Se dwa w pou mande ak resevwa yon kopi alekri avi sa a nenpòt ki lè.
- Restriksyon - Se dwa w pou mande pou limite fason yo itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo. Nou pa gen obligasyon pou n dakò ak limit la, men si nou dakò, n ap respekte akò nou fè a. Se dwa w tou pou dakò oswa pou mete fen nan yon limitasyon ki te deja soumèt.

* Dwa sa a aplike sèlman pou moun nou yo k ap viv nan Massachusetts pou konfòme avèk règleman eta yo.

Si mwen panse ke yo te vyole konfidansyalite vi prive mwen, kisa mwen ta dwe fè?

Si ou kwè yo te vyole konfidansyalite vi prive w, ou ka soumèt yon plent ba nou lè ou rele nou nan 1-866-861-2762 nenpòt kilè.

Ou ka soumèt yon plent alekri tou ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR). N ap ba ou adrès OCR rejyonal ki apwopriye a depi ou mande li. Ou ka voye plent ou a tou nan imèl bay OCRComplaint@hhs.gov. Si w chwazi pou depoze yon plent, avantaj ou yo p ap afekte epi nou p ap pini ou oswa pran revanch sou ou nan okenn fason.

Nou sipòte dwa ou pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ou ak enfòmasyon sou sante ou.

Responsabilite Nou

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante ou ki pwoteje yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki ka te konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe respekte obligasyon ak pratik sou konfidansyalite vi prive yo ki dekri nan avi sa a e nou dwe ba ou yon kopi.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w yo si se pa jan yo dekri la a sof si ou di nou alekri ke nou ka fè sa. Si ou di nou ke nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide w.

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou.

Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

Kijan pou mwen egzèse dwa mwen yo oswa kijan pou mwen jwenn yon kopi avi sa a?

Ou kapab egzèse tout dwa konfidansyalite ou yo, pou fè sa chèche jwenn fòm ki aplikab yo. Ou kapab jwenn nenpòt fòm yo depi ou:

- Rele nou nan 1-866-861-2762
- Ale sou sitwèb nou nan **CarePlusHealthPlans.com/Privacy** epi klike sou lyen Pratik sou Konfidansyalite Vi Prive (Privacy Practices) la
- Voye fòm ou ranpli a nan:

Humana Inc.
 Privacy Office 003/10911
 101 E. Main Street
 Louisville, KY 40202

Avi sou Non-Diskriminasyon

CarePlus Health Plans, Inc. respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon oswa ekskli moun akòz ras, koulè, relijyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang ou pale, eta sante, oswa bezwen pou sèvis sante. CarePlus Health Plans, Inc.:

- Ofri moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ak èd ak sèvis oksilyè apwopriye gratis pou kominike avèk nou yon fason efikas, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, oswa lòt fòm).
- Ofri sèvis asistans lang gratis pou moun ke Angle se pa lang prensipal yo, ki ka enkli:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lang, kontakte **1-800-794-5907 (TTY: 711)**. Si w kwè ke CarePlus Health Plans, Inc. pa t bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon akòz ras, koulè, relijyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang ou pale, eta sante, oswa bezwen pou sèvis sante, ou ka depeze yon doleyans an pèsòn oswa pa lapòs oswa pa imèl bay Kowòdonatè pou Non-Diskriminasyon nan CarePlus Health Plans, Inc. la nan P.O. Box 277810, Miramar, FL 33027, **1-800-794-5907 (TTY: 711)**, oswa **Accessibility1@CarePlus-HP.com**. Si w bezwen èd pou depeze yon doleyans, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. la kapab ede w.

Ou kapab depeze yon plent tou nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, elektwonikman atravè Pòtay pou Plent Biwo pou Dwa Sivil, ki disponib sou

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

- U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**.

Multi-Language Insert
Multi-language Interpreter Services

Form Approved
OMB# 0938-1421

English: We have free interpreter services to answer any questions you may have about our health or drug plan. To get an interpreter, just call us at 1-800-794-5907 (TTY: 711). Someone who speaks English can help you. This is a free service.

Spanish: Tenemos servicios de intérprete sin costo alguno para responder cualquier pregunta que pueda tener sobre nuestro plan de salud o medicamentos. Para hablar con un intérprete, por favor llame al 1-800-794-5907 (TTY: 711).

Alguien que hable español le podrá ayudar. Este es un servicio gratuito.

Chinese Mandarin: 我们提供免费的翻译服务, 帮助您解答关于健康或药物保险的任何疑问。如果您需要此翻译服务, 请致电 1-800-794-5907 (TTY: 711)。我们的中文工作人员很乐意帮助您。这是一项免费服务。

Chinese Cantonese: 您對我們的健康或藥物保險可能存有疑問, 為此我們提供免費的翻譯服務。如需翻譯服務, 請致電 1-800-794-5907 (TTY: 711)。我們講中文的人員將樂意為您提供幫助。這是一項免費服務。

Tagalog: Mayroon kaming libreng serbisyo sa pagsasaling-wika upang masagot ang anumang mga katanungan ninyo hinggil sa aming planong pangkalusugan o panggamot. Upang makakuha ng tagasaling-wika, tawagan lamang kami sa 1-800-794-5907 (TTY: 711). Maaari kayong tulungan ng isang nakakapagsalita ng Tagalog. Ito ay libreng serbisyo.

French: Nous proposons des services gratuits d'interprétation pour répondre à toutes vos questions relatives à notre régime de santé ou d'assurance-médicaments. Pour accéder au service d'interprétation, il vous suffit de nous appeler au 1-800-794-5907 (TTY: 711). Un interlocuteur parlant Français pourra vous aider. Ce service est gratuit.

Vietnamese: Chúng tôi có dịch vụ thông dịch miễn phí để trả lời các câu hỏi về chương sức khỏe và chương trình thuốc men. Nếu quý vị cần thông dịch viên xin gọi 1-800-794-5907 (TTY: 711) sẽ có nhân viên nói tiếng Việt giúp đỡ quý vị. Đây là dịch vụ miễn phí.

German: Unser kostenloser Dolmetscherservice beantwortet Ihren Fragen zu unserem Gesundheits- und Arzneimittelplan. Unsere Dolmetscher erreichen Sie unter 1-800-794-5907 (TTY: 711). Man wird Ihnen dort auf Deutsch weiterhelfen. Dieser Service ist kostenlos.

Korean: 당사는 의료 보험 또는 약품 보험에 관한 질문에 대해 드리고자 무료 통역 서비스를 제공하고있습니다 .

통역 서비스를 이용하려면 전화 1-800-794-5907 (TTY: 711) 번으로 문의해 주십시오 . 한국어를 하는 담당자가 도와 드릴 것입니다 . 이 서비스는 무료로 운영됩니다 .

Russian: Если у вас возникнут вопросы относительно страхового или медикаментного плана, вы можете воспользоваться нашими бесплатными услугами переводчиков. Чтобы воспользоваться услугами переводчика, позвоните нам по телефону 1-800-794-5907 (TTY: 711). Вам окажет помощь сотрудник, который говорит по-русски. Данная услуга бесплатная.

Arabic: إننا نقدم خدمات المترجم الفوري المجانية للإجابة عن أي أسئلة تتعلق بالصحة أو جدول الأدوية لدينا. للحصول على مترجم فوري, ليس عليك سوى الاتصال بنا على (برقياً: 711) 1-800-794-5907. سيقوم شخص ما يتحدث العربية بمساعدتك. هذه هي خدمة مجانية.

Hindi: हमारे स्वास्थ्य या दवा की योजना के बारे में आपके किसी भी प्रश्न के जवाब देने के लिए हमारे पास मुफ्त दुभाषिया सेवाएँ उपलब्ध हैं. एक दुभाषिया प्राप्त करने के लिए, बस हमें 1-800-794-5907 (TTY: 711) पर फोन करें. कोई व्यक्ति जो हिंदी बोलता है आपकी मदद कर सकता है. यह एक मुफ्त सेवा है.

Italian: È disponibile un servizio di interpretariato gratuito per rispondere a eventuali domande sul nostro piano sanitario e farmaceutico. Per un interprete, contattare il numero 1-800-794-5907 (TTY: 711). Un nostro incaricato che parla Italianovi fornirà l'assistenza necessaria. È un servizio gratuito.

Portuguese: Dispomos de serviços de interpretação gratuitos para responder a qualquer questão que tenha acerca do nosso plano de saúde ou de medicação. Para obter um intérprete, contacte-nos através do número 1-800-794-5907 (TTY: 711). Irá encontrar alguém que fale o idioma Português para o ajudar. Este serviço é gratuito.

French Creole: Nou genyen sèvis entèprèt gratis pou reponn tout kesyon ou ta genyen konsènan plan medikal oswa dwòg nou an. Pou jwenn yon entèprèt, jis rele nou nan 1-800-794-5907 (TTY: 711). Yon moun ki pale Kreyòl kapab ede w. Sa a se yon sèvis ki gratis.

Polish: Umożliwiamy bezpłatne skorzystanie z usług tłumacza ustnego, który pomoże w uzyskaniu odpowiedzi na temat planu zdrowotnego lub dawkowania leków. Aby skorzystać z pomocy tłumacza znającego język polski, należy zadzwonić pod numer 1-800-794-5907 (TTY: 711). Ta usługa jest bezpłatna.

Japanese: 当社の健康健康保険と薬品処方薬プランに関するご質問にお答えするために、無料の通訳サービスがあります。通訳をご用命になるには、1-800-794-5907 (TTY: 711) にお電話ください。日本語を話す人者が支援いたします。これは無料のサービスです。

CarePlus Health Plans, Inc.
P.O. Box 14098
Lexington, KY 40512-4098



H1019146000ANOCGR25

Enfòmasyon enpòtan sou chanjman nan
Medicare Advantage ak plan medikaman sou
preskripsyon



Gade anndan an

Men yon rezime sou sa ki diferan
konsènan **plan CarePlus** ou a k ap
antre anvigè 1ye janvyè 2025.

Ou gen Kesyon?

Rele Sèvis pou Manm yo nan
1-800-794-5907, (TTY:711)

CarePlus
HEALTH PLANS®

CarePlusHealthPlans.com